

## Gid pou Biznis yo sou Aplikasyon Key to NYC

**Komisyon Vil New York pou Dwa Moun se yon resous ki la pou ede ou ranfòse biznis ou, vin yon patwon ki aksepte anboche moun san paspouki, epi konfòme ou avèk Pratik Travay pou respekte Lwa Vil New York konsènan Dwa Moun (New York City Human Rights Law, NYCHRL). Dokiman Sa a bay enfòmasyon konsènan fason pou aplike Key to NYC san paspouki, Ki egzije kliyan yo ak anplwaye yo pou montre prèv vaksinasyon yo anvan yo nan sèten aktivite andedan.**

**Apati dat 17 out 2021, moun ki gen laj 12 zan ak plis pral gen obligasyon pou montre prèv ki endike yo te resevwa Omwen yon dòz vaksinasyon kont COVID-19 FDA (Administrasyon Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman) oswa WHO (Òganizasyon Sante Mondyal) otorize Aktivite dine andedan, egzèsis fizik andedan, ak amizman andedan.**

**Lè pwopriyetè biznis yo ap aplike nouvo règ sa a:**

1. Yo pa kapab trete kliyan yo oswa anplwaye yo yon fason diferan akòz ras yo , peyi kote yo soti, andikap yo Sèks yo, relijyon/kwayans yo, laj yo, oswa [nenpòt lòt karakteristik ki pwoteje avèk NYCHRL](#). Pa egzanp, Pwopriyetè biznis yo pa kapab:
  - Egzaminen prèv vaksinasyon an avèk plis atansyon lè se moun yon ras patikilye, moun ki soti nan yon peyi patikilye, oswa moun ki nan yon relijyon patikilye lè patwon yo sipoze moun ki nan gwoup patikilye yo gen mwens chans pou yo vaksinen;
  - Egzije prèv vaksinasyon an sèlman pou granmoun aje yo oswa moun andikape ki baze sou Konviksyon ki endike COVID-19 pi danjere pou yo; oswa
  - Refize aksepte sèten kalite prèv vaksinasyon ki valab, tankou dosye vaksinasyon ofisyèl ki soti nan peyi deyò Etazini oswa foto kat vaksinasyon CDC.
2. Dwe bay aranjman rezonab pou kliyan ki bezwen yo akòz yon andikap.
  - Si yon kliyan pa kapab montre yon prèv vaksinasyon akòz yon andikap, ou dwe angaje avèk kliyan an nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte, pou wè si li posib pou bay yon aranjman rezonab.
  - Aranjman rezonab yo kapab pran anpil fòm. Pa egzanp, yon kliyan kapab achte Manje pou pote lakay li, antre nan yon klas egzèsis vityèl, oswa pale avèk yon reprezantan lavant nan telefòn.
  - Ou pa dwe bay yon aranjman rezonab si li ta lakòz yon menas dirèk pou Lòt kliyan oswa anplwaye biznis lan, oswa si li enpoze yon difikilte egzajere sou biznis ou.
3. Dwe bay aranjman rezonab **pou Anplwaye** ki bezwen yo akòz yon andikap, Gwosès, kwayans relijye, oswa lòt sityasyon kòm yon moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl.
  - Si yon anplwaye mande yon eksepsyon nan egzijans pou vaksinasyon an oswa plis tan pou li bay Prèv vaksinasyon li pou youn nan rezon yo ki endike anwo a, ou dwe angaje avèk anplwaye a nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte, pou wè si li posib pou bay Aranjman rezonab la.
  - Aranjman rezonab yo kapab pran anpil fòm. Pa egzanp, yon anplwaye kapab travay Adistans, fè fonksyon djòb li deyò oswa li kapab izole avèk lòt anplwaye yo oswa kliyan yo, oswa li kapab pran konje otorize.
  - Ou pa dwe bay yon aranjman rezonab si li ta lakòz yon menas dirèk pou Lòt kliyan oswa anplwaye biznis lan, oswa si li enpoze yon difikilte egzajere sou biznis ou.

## Èske NYCHRL kouvri biznis mwen?

Tout biznis ki ofri machandiz ak sèvis pou piblik la nan Vil New York gen responsablite pou kliyan yo anba NYCHRL. Tout patwon ki gen kat anplwaye <sup>1</sup> oswa plis nan Vil New York gen responsablite pou anplwaye yo, estajyè yo ak kontraktè endepandan yo anba NYCHRL.

## Kisa mwen ta dwe fè si yon kliyan ki pa gen ase prèv vaksinasyon mande sèvis la?

Kliyan ki poko gen laj 12 zan dispanse pou montre prèv vaksinasyon an. Ou kapab pèmèt kliyan ki pa gen prèv vaksinasyon epi ki gen laj 12 zan ak plis antre nan pòsyon andedan lokal ou pou objektif rapid ak limite (pa egzanp, pou itilize twalèt, fè yon kòmman manje, oswa pran enfòmasyon pou yo kapab vin manm) toutotan yo mete yon mask nan figi yo pou tout tan yo pa kapab rete sou yon distans 6 pye avèk lòt moun.

Si yon kliyan ki gen laj 12 zan oswa plis vle antre nan pòsyon lokal ou pou plis pase yon objektif rapid ak limite, men li pa kapab montre prèv vaksinasyon akòz yon andikap, Ou dwe angaje avèk moun sa a nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa yon diskisyon avèk bon volonte, pou wè si yon Aranjman rezonab ta ka pèmèt kliyan an resevwa machandiz oswa sèvis ou yo. Ou pa kapab kite kliyan an antre andedan pòsyon lokal ou pou okenn aktivite ki pa yon objektif rapid ak limite, menm kòm yon aranjman rezonab. Kèlkeswa lè li posib, NYCHRL egzije ou pou bay aranjman pou Kliyan ki pa kapab montre prèv vaksinasyon akòz yon andikap deyò pòsyon andedan Lokal ou, pa egzanp, depi ou bay sèvis la deyò nan telefòn oswa nan platfòm sou entènèt.

### Modèl Senaryo 1:

Yon kliyan apwoche yon restoran epi li mache pou antre andedan, kote yon sèvè salye li. Sèvè a mande Pou wè prèv vaksinasyon kliyan an. Kòm repons, kliyan an deklare li pa kapab Vaksinen akòz yon pwoblèm medikal. Sèvè a fè kliyan an konnen restoran an p ap kapab sèvi Kliyan an andedan restoran an, men li ta kontan mete kliyan chita nan zòn pou chita deyò yo, Oswa fè kòmman manje pou kliyan kapab pote lakay li. Kliyan an aksepte yon meni manje pou pote, Answit kliyan am retounen lakay li epi li fè yon kòmman nan telefòn, anplwaye restoran an fè livrezon ba kliyan an lakay li, ki sou yon distans 2 blòk avèk restoran an. Biznis lan te bay yon aranjman rezonab lè Yo te fè livrezon manje kliyan olye yo te sèvi kliyan an manje a nan pòsyon andedan restoran an. Biznis lan Respekte lalwa lè yo jwenn yon fason pou fè aranjman pou kliyan an san yo pa kite kliyan an antre nan Pòsyon andedan restoran an pou okenn aktivite ki pa yon objektif rapid ak limite.

### Modèl Senaryo 2:

Yon kliyan apwoche yon sal konsè epi li mache pou antre andedan, kote yon anplwaye salye li. Kliyan an mande pou achte yon tikè pou evènman sware a, y ap fè andirèk epi yo p ap anrejistre li. Anplwaye a mande pou wè prèv vaksinasyon kliyan an, men kliyan an fè anplwaye a konnen li pa kapab vaksinen akòz yon pwoblèm medikal. Anplwaye a deklare malerezman pa gen mwayen pou kliyan an Asiste pèfòmans lan deyò pòsyon andedan lokal la oswa, adistans, men li envite kliyan an pou ale sou sitwèb sal konsè a, kote anrejistremant lòt pèfòmans yo disponib pou gade. Biznis lan respekte lalwa lè yo angaje avèk kliyan an nan yon dyalòg kolaborasyon, menmsi Pa gen aranjman rezonab ki te disponib.

### Modèl Senaryo 3:

Yon kliyan rive nan yon jimnastik epi li mache pou antre andedan, kote yon anplwaye salye li. Kliyan an mande Pou li enskri pou yon klas egzèsis fizik. Anplwaye a mande pou wè prèv vaksinasyon kliyan an, men kliyan an Fè anplwaye a konnen li pa vaksinen paske vaksinasyon gen konfli avèk kwayans relijye li. Anplwaye a Deklare malerezman se sèlman kliyan ki vaksinen ki gen pèmision pou patisipe nan klas andedan yo Paske jimnastik la kouvri avèk Key to

<sup>1</sup> Entèdiksyon NYCHRL kont diskriminasyon ki baze sou sèks, tankou asèlman seksyèl, aplike pou tout Patwon kèlkeswa dimansyon yo.

NYC. Kliyan an kite jimnastik la. Biznis lan konfòme li avèk lalwa paske kliyan sa a pa gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab poutèt li pa kapab montre prèv vaksinasyon.

### **Ki kalite dokiman mwen ta dwe mande kliyan ki fè konnen yo pa kapab montre Prèv vaksinasyon yo akòz yon andikap?**

Biznis yo pa ta dwe mande kliyan yo prèv yon andikap si kliyan am fè konnen li pa kapab montre prèv vaksinasyon an akòz yon andikap. Olye sa, biznis yo ta dwe angaje kliyan sa yo nan yon Dyalòg kolaborasyon pou wè si yon aranjman rezonab egziste ki pa ta reprezante yon menas dirèk oswa yon Difikilte egzajere pou biznis yo.

### **Èske mwen gen pou bay yon aranjman rezonab pou yon kliyan ki pa kapab montre prèv Vaksinasyon pou yon rezon ki pa gen rapò avèk pwòp andikap li?**

Non. Sèlman kliyan ki pa kapab montre prèv vaksinasyon yo akòz pwòp andikap yo gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab dapre NYCHRL.

### **Kisa mwen ta dwe fè si yon anplwaye pa gen ase prèv vaksinasyon?**

Pale avèk anplwaye ou pou chèche konnen rezon ki fè li pa gen prèv ki obligatwa a. Si rezon an gen rapò avèk Yon andikap, gwosès, kwayans relijye, oswa lòt sitiyasyon kòm yon moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak Seksyèl, ou dwe angaje avèk anplwaye ou nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte konsènan posib aranjman rezonab yo. Pa egzanp, anplwaye kapab travay adistans, li kapab travay deyò Pòsyon anedan lokal ou, oswa li kapab travay nan yon zòn ki separe avèk lòt anplwaye yo ak kliyan yo. Ou Pa gen obligasyon pou bay yon anplwaye yon aranjman rezonab si lè ou fè sa ta lakòz yon gwo risk pou gen gwo domaj sou sante ak sekirite lòt anplwaye yo ak kliyan yo, oswa ta lakòz yon difikilte egzajere sou biznis ou. Si pa gen aranjman rezonab ki ta pèmèt anplwaye a Kontinye fè fonksyon djòb li san sa pa reprezante yon menas dirèk oswa yon difikilte egzajere, ou kapab ofri anplwaye a yon konje otorize jiskask li kapab bay prèv vaksinasyon an, oswa jiskask pa gen pwoblèm pou li retounen nan travay. Ou pa bezwen paye anplwaye ou pandan konje otorize li sof si ou peye Lòt anplwaye ki p a kapab travay pou menm rezon yo.

### **Ki kalite dokiman mwen ta dwe mande anplwaye k ap chèche jwenn yon aranjman rezonab?**

- Si anplwaye ou ap chèche jwenn yon aranjman rezonab akòz yon andikap oswa gwosès, ou kapab mande pou pwofesyonèl medikal li voye yon nòt ba ou. Nòt la pa gen pou presize pwoblèm medikal patikilye oswa kondisyon gwosès patikilye anplwaye a, men li ta dwe konfime anplwaye a pa kapab montre prèv vaksinasyon li nan moman an.
- Si anplwaye ou ap chèche jwenn yon aranjman rezonab akòz lòt kwayans relijye, ou kapab Mande dokiman sipò sèlman si ou gen yon baz objektif pou kesyone senserite Baz relijye anplwaye a deklare pou fè konnen li pa kapab montre ou prèv vaksinasyon an.
- Si anplwaye ou ap chèche jwenn yon aranjman rezonab akòz sitiyasyon li kòm yon viktim nan vyolans nan kay, zak seksyèl, oswa asèlman, ou kapab mande yon nòt yon founisè sèvis asosye k ap sipòte rezon ki fè anplwaye a pa kapab montre prèv vaksinasyon an.

### **Youn nan anplwaye mwen yo pa vaksinen, men pa akòz yon andikap, gwosès, kwayans relijye, oswa sitiyasyon kòm yon moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl. Èske mwen kapab revoke li? Èske mwen gen pou fè sa?**

Anba NYCHRL, anplwaye yo gen dwa sèlman pou aranjman rezonab pou bezwen ki gen rapò avèk pwòp andikap yo, gwosès yo, kwayans relijye yo, oswa lòt sitiyasyon kòm yon moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl. Ou pa gen pou bay yon aranjman rezonab pou nenpòt anplwaye ki tonbe deyò kategori sa yo Epi ou kapab

revoke yo si yo pa kapab montre prèv vaksinasyon an. Si ou chwazi pou pa revoke yo, ou pa kapab kite yo travay nan pòsyon anedan lokal ou epi ou kapab sèlman kite yo antre pou yon objektif yon aktivite rapid ak Limite, tankou pou chanje rad nan yon vestyè, epitou yo dwe mete yon mask nan figi yo pou tout tan yo pa kapab rete sou yon distans 6 pye avèk lòt moun.

### **Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon Key to NYC san paspouki?**

Ale sou sitwèb [NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou responsablite pou yo kòm yon pwopriyetè biznis anba. NYCHRL epitou ou kapab enskri pou yon sesyon enfòmasyon gratis.